

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Metodé nya éta cara anu kauger jeung puguh tujuanna pikeun ngahontal maksud (dina élmu pangaweruh). Sakabéh hal dina métode kaatur pikeun ngagampangkeun pelaksanaan kagiatan anu tujuanna pikeun ngahontal tujuan anu tangtu (*KBBI*, 1995, kc. 652). Metodé panalungtikan nya éta cara pikeun ngungkulan masalah panalungtikan anu dilaksanakeun sacara taliti jeung kasusun, pikeun nyangking fakta sarta kacindekan supaya bisa maham, ngaramalkeun, ngajelaskeun, jeung ngendalikeun kaayaan. Métode disebut ogé cara pikeun maham sarta neuleuman objék anu jadi sasaranna (Syamsuddin jeung Damayanti, 2007, kc. 14).

Métode disebut ogé cara pikeun maham sarta neuleuman objék anu jadi sasaranna (Syamsuddin jeung Damayanti, 2007, kc. 14). Sakabéh hal dina métode kaatur pikeun ngagampangkeun pelaksanaan kagiatan anu tujuanna pikeun ngahontal tujuan anu tangtu (*KBBI*, 1995, kc. 652).

Métode panalungtikan kabagi dua, nya éta panalungtikan kualitatif jeung kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 1-2) panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan hiji objék nu alamiah. Data dina panalungtikan kualitatif, sifatna data pasti, hartina data nu dihasilkeun lain saukur data nu katempo, nu diucapkeun, tapi data nu miboga ma'na nu tangtu. Eusi hasil laporan panalungtikan mangrupa kutipan-kutipan data pikeun méré gambaran ngeunaan hiji objék nu dipidangkeun dina wangun laporan ilmiah. Éta data téh dihasilkeun tina hasil wawancara, catétatan laporan, foto, rékaman wawancara, *videotape*, dokumen pribadi, mémo jeung dokumém resmi séjénna (Moleong, 2010, kc. 11). Dumasar jenisna, dina panalungtikan kualitatif aya nu disebut panalungtikan déskriptif, nya éta salasahiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan hiji objék nu ditalungtik sarta ngébréhkeun hal-hal anu dijadikeun inti


masalah dina panalungtikan. Dina métodé déskriptif data nu dihasilkeun téh mangrupa kekecapan tinulis, atawa lisan nu sumberna ti jalma-jalma anu dimutalaah sacara partisipasi.

Ku kituna dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métode deskriptif analisis, lantaran dina métode déskriptif diébrehkeun sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan ti mimiti masalah nu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar-dasar tiori nu ngadeudeulan masalah dina panalungtikan, nepi ka nganalisis tur ngébréhkeun hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dina téhnik panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Désain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang ku panalungtik pikeun nyangking, ngajawab, jeung ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Désain panalungtikan ngawengku prosés ieu di handap, nya éta:

- 1) Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik;
- 2) Obsérvasi, nya éta prosés pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, ku cara survéy ka lapangan, wawancara narasumber, jeung ngadokuméntasi hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan;
- 3) Nangtukeun téhnik dina ngumpulkeun data panalungtikan;
- 4) Nganalisis data sarta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan; jeung
- 5) Ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



3.1 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan ngaras di Baleendah ngagunakeun panalungtikan deskriptif analisis. Nurutkeun Lofland dina Moleong (2010, kc. 157) sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data

Nurizka, 2016

*SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH
KABUPATEN BANDUNG*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tambahan tina dokumén, jrrd. Anu jadi sumber data atawa sumber informasi dina ieu panalungtikan nya éta jalma anu dianggap kokolot atawa sesepuh di éta lembur jeung jalma anu apal kana éta tradisi ti jaman baheula tepi ka ayeuna, ogé buku sumber nu patali jeung ieu panalungtikan.

Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Kekecapan sarta kalakuan ti informan nu diwawancara anu mangrupa sumber data utama. Sumber data utama ditulis, direkam, atawa difoto. Data hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara. Moleong (2010, kc. 158) nétélakeun yén panalungtikan dilaksanakeun dina kaayaan sadar jeung puguh topikna, puguh topikna lantaran teu sakabéh informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu luyu jeung rumusan masalah.
- b. Sumber atawa référénsi tinulis anu miboga katégori ilmiah, misalna buku, skripsi, buku terbitan pamaréntah, jurnal ilmiah, sumber informasi di Lembaga Pemerintahan, jrrd.
- c. *Foto* magrupa data panalungtikan anu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Kiwari lantaran téknologi geus beuki maju, sumber data panalungtikan lain ukur *foto*, tapi bisa wangun rékaman sora atawa rékaman *vidio*. aya dua katégori *foto* nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta *foto* hasil moto batur, jeung *foto* hasil moto panalungtik (Bogdan jeung Biklen dina Moleong, 2010, kc. 160).
- d. Data statistik mangrupa sumber data tambahan pikeun panalungtikan sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik bisa méré informasi ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial, ékonomi, jrrd.

Dumasar tiori di luhur, sumber data nu dihasilkeun dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara ka sesepuh/kokolot di éta lingkungan, aparat pamaréntah désa sarta buku terbitan dinas pamaréntahan sarta buku-buku karangan para ahli nu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan.

3.2.1 Informan

Panalungtikan ngeunaan ngaras di Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendaah, Kabupaten Bandung ngagunakeun téhnik anu nangtukeun tujuan sarta jumlah sampel dumasar kana udagan husus, anu teu méngpar tina ciri-ciri sampel anu ditangtukeun. Kritéria informan dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Boga kalungguhan husus dina sanggar rias anu nyadiakeun upacara adat pra-nikah urang Sunda,
- b. Apal kana naon wae macemna upacara adat pra nikah urang Sunda,
- c. Individu nu sadia méré informasi nu dibutuhkeun.

Tabél 3.1 Informan anu jadi sumber data dina panalungtikan

No.	Wasta	<i>Jenis kelamin</i>	Umur	Kalungguhan
1	Drs. Rodyana, M.M	Lalaki	55 taun	Tokoh masarakat anu apal kana ngaras
2	Ibu Ida	Awewe	52 taun	Nu gaduh sanggar kasenian Sunda
3	Ibu Tuti	Awewe	45 taun	Juru poto nikahan
4	Ibu Iis Aisyah	Awewe	45 taun	Guru kasenian
5	Ma Ati	Awewe	80 taun	Sesepuh lembur

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Kecamatan Baleendah nya éta salasihiji kecamatan anu aya di Kabupaten Bandung, Provinsi Jawa Barat. Kecamatan Baleendah ngawates jeung sababaraha Kecamatan nya éta, di bélah kulon ngawates jeung Kecamatan Ciparay,

Kecamatan Pameungpeuk di bélah wétan, Kecamatan Bojongsoang di bélah kalér, jeung Kecamatan Arjasari di bélah kidul.

Dumasar kana administratif, Kelurahan Baleendah nya éta salah sahiji Kelurahan anu aya di wilayah Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung. Sacara astronomis Kecamatan Baleendah aya dina titik koordinat $7^{\circ} 13'$ - $7^{\circ} 71'$ LS jeung $107^{\circ} 31'$ - $107^{\circ} 40'$ BT. Aya dina 600-715 dpl anu wilayahna mangrupikeun dataran jeung perbukitan, suhu udara di Kecamatan Baleendah kurang-leuwih 24° - 32° C. Kecamatan Baleendah miboga luas wilayah 3.666,811 Ha. Kecamatan Baleendah kabagi jadi 3 Desa, 5 Kelurahan, 27 Dusun, 130 RW, dan 792 RT. Anapon legana sacara administratif Kecamatan Baleendah nya éta :

Tabél 3.2 Luas Administatif Kecamatan Baleendah

No	Desa/ Kelurahan	Luas (Ha)	Persen (%)
1	Jelekong	694	18,93
2	Wargamekar	635,334	17,33
3	Manggahang	668,630	18,23
4	Baleendah	518,187	14,13
5	Andir	378,290	10,32
6	Rancamanyar	352,450	9,61
7	Bojongmalaka	244,360	6,67
8	Malakasari	175,560	4,78
	Jumlah	3.666,811	100

Sumber : Monografi Kecamatan Baleendah, 2010.

Data rekap jumlah penduduk di Kecamatan Baleendah dumasar kana umur jeung jenis kelaminna, nya éta:

Tabel 3.3 Data Penduduk dumasar kana Umur di Kecamatan Baleendah

No	Umur (Th)	Jumlah (Jiwa)	Persen (%)
1	< 5 Th	29.751	14.8
2	6-16	35.762	17.9
3	17-25	36.407	18.2
4	26-55	61.678	30.8
5	56 leuwih	36.678	18.3
	Jumlah	200.386	100

Sumber: Data Monografi Kec. Baleendah 2010

Tabel 3.4 Data Penduduk Dumasar Kana Jenis Kelamin di Kecamatan Baleendah

No	Umur (Th)	Jumlah (Jiwa)	Persen (%)
1	Lalaki	102.727	51.3
2	Awewe	97.659	48.7
	Jumlah	200.386	100

Sumber: Data Monografi Kec. Baleendah 2010

Gambar 3.1 Péta Kabupaten Bandung



SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH KABUPATEN BANDUNG

Sumber : Google Maps

Gambar 3.2 Péta Kecamatan Baleendah



Sumber: KSK Baleendah

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat anu digunakeun ku panalungtik dina kagiatan panalungtikan, pikeun ngumpulkeun data sarta ngolah data sangkan nghontal kana tujuan panalungtikanna. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

1) Kaméra Digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokumentasikeun kagiatan-kagiatan panalungtikan dina wangun foto jeung video, saperti observasi lapangan anu aya patalina jeung hal-hal sarta prak-prakan ngaras.

2) Handphone

Handphone mangrupa alat nu dipaké pikeun ngarékam sora, motret jeung midio kagiatan wawancara nalika lumangsungna panalungtikan, dina prosés ngumpulkeun data ngeunaan seni ngaras.

3) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara dirancang pikeun ngawawancara narasumber (seniman) nu apal kana ngaras, sangkan bisa lumangsung kalayan lancar nalika prosés ngawawancara, ku kituna panalungtik nyusun sajumlah patalékan anu digunakeun pikeun wawancara, saperti ieu di handap.

Nurizka, 2016

**SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH
KABUPATEN BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5 Pedoman Wawancara

Data Informan	
1. Wasta	
2. Umur	
3. Jenis Kelamin	
4. Kalungguhan	
No.	Patalékan
1.	Kumaha sajarah mimiti ayana ngaras?
2.	Dina acara naon biasana ngaras diayakeun?
3.	Masih keneh dipake teu ngaras di jaman kiwari?
4.	Pakakas naon waé anu kudu dipersiapkeun dina ngaras?
5.	Bahan-bahan (sasajén) naon waé anu kudu aya ngaras?
6.	Kumaha prak-prakan ngaras (saacan, lumangsung jeung sanggeus)?
7.	Iraha waktu lumangsungna ngaras?
8.	Saha waé nu ilubiung dina ngaras?
9.	Naon fungsina jeung peran diayakeun ngaras?
10.	Naon tujuan diayakeun ngaras?
11.	Aya mangpaatna atawa henteu diayakeunna ngaras dina acara pra nikah?
12.	Aya ritual husus atawa henteu dina ngaras?
13.	Aya parobahan naon ngaras mimiti aya jeung garas kiwari?
15.	Persiapan naon waé anu kudu disiapkeun saacan lumangsungna ngaras?
16.	Kumaha doa anu dipanjatkeun dina ngaras?
17.	Aya parobahan atawa henteu prak-prakan jeung pakakas jaman baheula jeung kiwari?
18.	Aya simbol-simbol naon waé anu nyampak dina prak-prakan ngaras?
19.	Naon simbol-simbol nu nyampak dina pakakas, jeung property

Nurizka, 2016

**SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH
KABUPATEN BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	ngaras?
20.	Naha aya hubunganna ngaras ejeung agama Islam?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling strategis dina kagiatan panalungtikan, kusabab tujuan utama dina panalungtikan nya éta meunangkeun data (Sugiyono, 2009, kc. 62). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana ieu di handap.

1) Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik anu dipaké pikeun nyangking data sacara langsung tur akurat kana naon-naon nu katempo, katingali sarta karasa nalika ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan di lapangan ngeunaan ngaras di Baleendah. Nurutkeun Spradley (Sugiyono, 2009, kc. 68), dina obsérvasi nu ngagunakeun panalungtikan téhnik kualitatif/déskriptif, ngawengku tilu komponén nya éta 1) *place*, tempat lumangsungna kajadian; 2) *actor*, palaku atawa jalma-jalma anu miboga peran nu tangtu dina éta kajadian; 3) *activity*, kagiatan anu dilakukeun ku para palaku nu kalibet dina kagiatan sosial nu keur lumangsung.

Obsérvasi déskriptif dilakukeun panalungtik nalika asup atawa ilubiung kana kaayaan sosial nu lumangsung di lapangan. Dina ieu tahap panalungtik, sacara jero neuleuman naon-naon nu katempo, kadéngé, jeung karasa nalika ilubiung di lapangan.

2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta prosés tanya jawab nu disusun dina wangun patalékan nu terstruktur. Ku kituna dina prosés wawancara panalungtik nyiapkeun instrumén panalungtik nya éta nyieun patalékan-patalékan tinulis, dina wawancara narasumber dibéré patalékan-patalékan jeung panalungtik nyatet sarta ngarékam jawabanna (Sugiyono, 2009, kc. 73).

3) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngadokuméntasi sakabéh hal nu lumangsung nalika ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi


Nurizka, 2016

**SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH
KABUPATEN BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ka ahir nu patalina jeung seni ngaras di Baleendah. Aya ogé pakakas anu digunakeun nalika ngadokuméntasi, nya éta kaméra digital, *handphone*, jeung alat tulis.

Bagan 3.2
Triangulasi Téhnik Pengumpulan Data (Sugiyono, 2009, kc. 84)



3.4 Analisis Data

Data-data anu geus dikumpulkeun nalika panalungtikan di lapangan téh diidentifikasi, sarta tuluy dianalisis ku cara métode déskriptif. Anu didéskripsikeunna nya éta déskripsi umum wewengkon Kecamatan Baleendah, prak-prakan upacara adat ngaras, papakas nu dipaké, sarta simbol-simbol nu aya dina ngaras, ieu hal dilakukeun pikeun ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) léngkah tatahar;
- 2) léngkah ngumpulkeun data;
- 3) léngkah ngolah data; jeung
- 4) léngkah nyusun laporan.